

CenterWell ACE
AKÒ AK KONSANTMAN PASYAN POU TRÈTMAN

Non Pasyan an:

| | | | |
|--------|-----|------------------|------------|
| Siyati | Non | Dezyèm prenon | Dat Nesans |
|--------|-----|------------------|------------|

Mèsi paske w chwazi(Antre Non Etablisman) kòm òganizasyon founisè pou swen sante w yo. An akò ak lalwa eta ak federal ki aplikab yo, nou oblige jwenn pèmisyon oswa konsantman nan men w pou fè sèvis yo pou ou epi nan non w. Li enpòtan pou w konprann enfòmasyon ki anba yo. Si w gen kesyon oswa preykipasyon sou enfòmasyon nou bay yo, n ap kontan ede w. Li obligatwa pou w li kat (4) premye bwat yo epi de (2) dènye yo opsyonèl. Pou w patisce, tanpri ekri inisyal ou sou oswa tou pre chak blòkopsyonèl yo pou w rekonèt ou konprann epi aksepte chak deklarasyon. Si w vle refize, pa mete inisyal ou.

KONSANTMAN POU TRÈTMAN MEDIKAL

Mwen ki siyen anba a, mwen bay konsantman mwen volontèman alekri nan dokiman sa a pou resevwa swen ak trètmán medikal atravè òganizasyon founisè mwen an, jan founisè swen sante mwen an òdone sa. Sa gen ladan li konsantman mwen pou tout sèvis medikal yo bay anba enstriksyon jeneral oswa espesifik nan men founisè swen sante mwen an, sa gen ladann trètmán nan men yon enfimyè pratisyen oswa asistan doktè, epi lòt founisè swen sante oswa moun yo deziyen anba lòd yon medsen, jan founisè mwen an santi sa rezonab epi nesesè.

Mwen konprann pratik medikaman se pa yon syans egzat epi mwen rekonèt yo pa t fè m okenn garanti poutèt trètmán oswa egzamen y ap ban mwen oswa pral ban mwen. Mwen konprann mwen gen dwa pou pale sou plan trètmán m ak founisè mwen an epi pale sou objektif, ris potansyèl ak prestasyon sou nenpòt tès oswa pwosedi founisè mwen an te òdone oswa rekòmande.

Mwen konprann etidyan ki nan domèn medikal anba sipèvisyon apwopriye kapab obsève oswa ede nan ban mwen swen medikal epi mwen gen dwa pou refize sèvis sa yo nan men etidyan yo nenpòt lè.

ATRIBISYON PRESTASYON

Mwen fòmèlman mande epi bay konsantman mwen nan dokiman sa a pou yo fè pèman prestasyon medikal otorize yo nan non m dirèkteman bay òganizasyon founisè sa a pou swen ak trètmán medikal yo ban mwen yo. Mwen otorize òganizasyon founisè sa a pou l kominike nenpòt enfòmasyon medikal mwen bay konpayi asirans sante mwen epi/oswa lòt tyès peyè ki nesesè pou kolekte pèman, trete demann asirans sante ki lye ak sa, epi/oswa verifye prestasyon ki an akò ak estanda Health Insurance Portability and Accountability Act ("HIPAA") ansanm ak lalwa sou vi prive ki aplikab nan eta a. Mwen otorize pèman sèvis mwen nòmalman peye sou kondisyon plan prive, plan gwoup oswa plan anplwaye, oswa plan asirans sante gwoup dirèkteman bay òganizasyon founisè sa a. Mwen fòmèlman otorize pou yo konsidere òganizasyon founisè sa a kòm reprezantan otorize mwen nan sa ki gen pou wè ak tout pèman epi/oswa demann ki gen pou wè ak swen epi trètmán medikal òganizasyon founisè sa a ban mwen. Nan dokiman sa a, mwen bay otorizasyon yon fotokopi fòmilè sa a valid menm jan ak orijinal la. Si yo pa ka asiyen prestasyon medikal yo bay òganizasyon founisè sa a oswa si mwen resevwa pèman nan men founisè asirans mwen an oswa nan men lòt tyès peyè pou sèvis òganizasyon founisè sa a bay nan non m, m ap voye pèman sa yo bay òganizasyon founisè a imedyatman mwen resevwa yo.

PÈMAN SÈVIS

Si yo pa kouvari sèvis yo oswa si yo pa peye total tout frè yo, ki gen ladann men pa sa sèlman, nenpòt ko-pèman, ko-asirans epi/oswa dediktib, oswa frè founisè asirans mwen an oswa lòt tyès peyè pa kouvari,

mwen dakò peye yo. Mwen dakò pou m responsab tout frè rezonab avoka ak rekouvreman ki sòti nan fòt mwen ki pa peye tout frè oswa montan mwen finansyèman responsab pou m peye.

Mwen dakò pou òganizasyon founisè sa a ansanm ak ajan rekouvreman li yo ban m sèvis oswa kolekte nenpòt valè kòb mwen dwe, òganizasyon founisè a ansanm ak ajan rekouvreman li yo kapab kontakte m pa telefòn sou nenpòt nimewo telefòn, sa gen ladann nimewo telefòn mwen, sa mwen te bay òganizasyon founisè a, konsènan sèvis yo te ban mwen, oswa sou sa ki gen pou wè ak obligasyon finansyè mwen genyen. Metòd pou kontakte yo kapab gen ladann yo itilize mesaj vokal anrejistre davans/atifisyèl epi/oswa itilize yon aparèy nimewotasyon otomatik, lè sa aplikab. Si sa aplikab, yo kapab aplike frè oswa tarif operatè selilè mwen an.

AVI SOU PRATIK VI PRIVE

Mwen rekonèt epi dakò mwen te resevwa yon kopi sou Avi sou Pratik Vi Prive (Notice of Privacy Practices). Mwen konprann yo kapab aktyalize Avi sou Pratik Vi Prive tanzantan epi y ap voye yon kopi aktyalize sou Avi sou Pratik Vi Prive pou mwen lè mwen mande sa.

KONSANTMAN POU RESEVWA APÈL TELEFÒN (SA GEN LADANN APÈL SOU TELEFÒN MOBIL), IMÈL, MESAJ TÈKS – *Opsyonèl*

Lè w mete *inisyal ou anba a, ou rekonèt ou te li, konprann epi dakò ak sa ki vin annaprè yo:*

Mwen konprann lè mwen bay yon nimewo telefòn oswa yon imèl, mwen bay òganizasyon founisè sa a, afilye, filyal, paran, ajan, vandè, epi/oswa kontraktè endepandan yo pèmisyon pou kontakte m pa imèl oswa nimewo sa a (sa gen ladann apèl dirèk, atifisyèl, otomatik, teknoloji ak èd òdinatè, mesaj ki anrejistre davans, ak mesaj tèks, sof si lalwa ki aplikab la entèdi sa). Yo kapab aplike frè pou mesaj ak done. Mwen konprann konsantman sa a ap rete an vigè sòf si mwen anile l. Pou sa m ap suiv enstriksyon ki eksplike jan pou m anile l yo, oswa mwen notifye òganizasyon founisè a alekri pou fè konnen mwen anile konsantman m. Mwen kapab chanje preferans sa yo nenpòt lè.

Epitou, mwen konprann mwen kapab resevwa apèl, imèl ak mesaj tèks sou sèvis, sa ki gen pou wè ak fakti oswa aktivite ("lòt komunikasyon") nan men òganizasyon founisè sa a, afilye, ajan ak kontraktè endepandan li yo bay, oswa nan non yo. Nan dokiman sa mwen dakò epi bay otorizasyon ak òganizasyon founisè sa a ansanm ak afilye, ajan ak kontraktè endepandan li yo pou kontakte m pa apèl telefòn, imèl ak mesaj tèks pou objektif maketing. Epitou, mwen rekonèt yo pa dwe konsidere mwayen komunikasyon sa a kòm sous pou transmèt enfòmasyon prive.

Inisyal: _____

Sèvis telemedsin - *Opsyonèl*

Lè w mete *inisyal ou anba a, ou rekonèt ou te resevwa yon kopi Fèy Enfòmasyon sou Sèvis Telemedsin epi ou te li l, konprann li epi te dakò ak sa ki vin annaprè yo:*

Definisyon Telemedsin

"Telemedsin" se pratik pou bay sèvis swen sante atravè teknoloji elektwonik ak telekomunikasyon ki konfòm ak HIPAA, ki gen ladann lojisyèl pou konferans video oswa lòt medya teknoloji pèmèt itilize. Pou objektif pou Akò ak Konsantman Pasyan sa a, tèm "telemedsin" gen ladann nenpòt sèvis yo rele "medsin adistans." Li gen ladann tou sèvis yo ka rele "sante mantal adistans," oswa "sikoloji adistans" (sèvis swen sante nan domèn mantal oswa konpòtman yon Espesyalis bay).

Akò ak Konsantman Pasyan

Aktyalize 10/03/2023

Paj 2 sou 4

Avantaj ak Ris

Kèk nan avantaj yo gen ladann yo amelyorasyon komunikasyon (pèmèt ou kominike ak founisè w la oswa Espesyalis ou a, nenpòt kote w yo, aksè pi fasil pou jwenn swen sante, epi evite nesesite pou w ale nan biwo founisè w la oswa òganize sèvis adomisil pou founisè yo, lè sa aplikab). Kèk nan ris yo gen ladann yo, san limitasyon, pèdi dokiman poutèt te gen yon fay nan materyèl elektwonik la, pàn kouran ak pèt komunikasyon, epi moun deyò (pirat) antre nan dosye elektwonik yo. Anplis de sa, kèk siy ak sentòm ke yo ka detekte pandan yon egzamen an pèsòn, kapab pa ka detekte atravè telemedsin. Ou rekonèt ris ak avantaj lè w itilize telemedsin men ou dakò pou w retire tout responsabilite sou do òganizasyon founisè a nan sa ki gen pou wè ak ris sa yo.

Vi Prive ak Sekirite

Okenn nan pati yo p ap anrejistre vizit telemedsin yo. Y ap kenbe enfòmasyon ou kominike pandan vizit sa yo konfidansyèl, epi yo ka pa kominike yo san yon konsantman alekri nan men w, sof kote lalwa pèmèt epi/oswa mande pou kominike enfòmasyon sa yo. Lalwa sou vi prive ki pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pwoteje sou sante w (Protected Health Information, PHI) aplike ak telemedsin sof si ta gen yon konfidansyalite ki aplike (sa vle di, obligatwa pou siyale si yon timoun, yon granmoun oswa yon adilt vilnerab te sibi abi; danje pou tèt ou oswa pou lòt moun; ou te soulve sante mantal/emosyonèl ou kòm yon pwoblèm nan yon pwosedi jidisyè; konsiltasyon/kowòdinasyon swen ak lòt founisè swen sante). Lojisyèl yo itilize nan vizit telemedsin yo sekirize epi pwoteje.

Anile Konsantman

Ou kapab anile konsantman w pou resevwa sèvis telemedin nenpòt lè san sa pa afekte dwa w pou w resevwa swen, sèvis oswa avantaj sou pwogram ou t ap gen dwa yo. Pou anile konsantman w , se pou w fè sa alekri.

Inisyal: _____

Lè w siyen anba a, ou fè konnen ou te li, konprann epi dakò ak konsantman pou resevwa Trètman Medikal, Asiyasyon Avantaj, Pèman Sèvis, Avi sou Pratik Vi Prive, ansanm ak otorizasyon nou dekri pi wo yo epi chak konsantman ak otorizasyon ak rete totalman an vigè jouk ou anile I alekri.

Non an lèt detache Pasyan/Paran/Reprezantan Pèsonèl

Siyati Pasyan/Paran/Reprezantan Pèsonèl*

Dat

Akò ak Konsantman Pasyan
Aktyalize 10/03/2023

Paj 3 sou 4

*Si w ap siyen antanke Reprezantan Pèsonèl Pasyan an, tanpri dekri otorite w genyen pou w aji pou Pasyan sa a epi bay nenpòt dokiman ki koresponn ak sa (pwokirasyon, òdonans pou titè, ranplasman swen sante, elatriye):

Akò ak Konsantman Pasyan
Aktyalize 10/03/2023

Paj 4 sou 4

